

Aktivite Y ap Fè Pandan Tout Mwa!

Springpoint angaje li pou sante ak byennèt anplwaye enpòtan nou yo! Nou ofri pwogram byennèt pou ede w viv yon vi ki an sante epi pou w pwofite plis de resous ki disponib pou ou yo.

Nan lespri sa a, pou rès ane a n ap prezante yon pwogram, yon avantaj, oswa yon resous chak mwa, epi n ap ankouraje w pou abitye avèk yo epi pou w pwofite de yo pi plis ou kapab. Aktivite y ap fè pandan tout mwa ap genyen yon raf pou popilasyon nou an ki elijib pou avantaj yo. Tanpri, gade orè chak mwa nou an ki anba a pou w aprann kijan ou ka ajì pou w vin elijib pou ou jwenn yon rekonpans.

Mwa	Pwogram Aktivite Y ap Fè Pandan Tout Mwa	Mezi Pou w Pran	Dat Entèkansyon	Y ap Anonse Ganyan yo
Avril	Wèbinè Wellbeats sou Byennèt	Ale nan Wèbinè Springpoint Wellbeats la ki gen ladan l yon apès sou pwogram byennèt 2026 la epi patisipe nan yon raf pou w genyen yon mont Garmin. 2 Avril, 11:30 am.	2 Avril, 2025	Avril 2025
Avril	Evalyasyon Risk pou Sante	Ranpli Evalyasyon Risk pou Sante ou sou sit entènèt Aetna a pou w ka antre nan yon raf pou w genyen yon gode izotèmik Stanley. (5 ganyan + Bonis pou w genyen 1,000 ♥ pou Rekonpans Health Your Way ak prim rabè Springpoint 2026 ou an).	1 - 30 Avril 2025	Me 2025
Me	Depistaj biyometrik	Fè depistaj biyometrik ou a nan yon kominote oswa nan yon Quest center pou w antre nan yon raf pou w genyen yon baf Bluetooth. (5 ganyan)	1ye Avril – 31 Oktòb 2025	Jen 2025
Jen	WèbinèWellbeats	Patisipe nan "Wèbinè Wellbeats sou Byennèt la (Wellbeats Wellness Webinar)" k ap swete nou Byenvini an ki pwograme pou dezyèm Mèkredi nan chak mwa a 1 pm epi patisipe nan yon raf pou w genyen yon ti blennè (Ninja Bullet). (3 ganyan)	Jen 2025	Jiyè 2025
Jiyè	Wèbinè Empower	Patisipe nan WèbinèEmpower a ki gen ladan l enfòmasyon espesifik pou plan Springpoint 401(k) epi antre nan yon raf pou w genyen yon mont Garmin. (1 ganyan)	Jiyè – Dawout 2025	Dawout 2025
Dawout	Aetna Konsèy pou yon Mòdvi ki Sen (Healthy Lifestyle Coaching)	Konplete omwen 4 sesyon telefonik ak yon antrenè Byennèt Aetna Healthy Lifestyle ant 1/1/2025 - 31/8/2025 pou patisipe nan yon raf pou w genyen yon pè kas Beats. (2 ganyan + Bonis pou w genyen 250 ♥ pou chak vizit nan Rekonpans Health Your Way ak prim rabè Springpoint 2026 ou an)	1ye Janvyè – 31 Dawout 2025	Septanm 2025
Septanm	Wèbinè Aetna Achieve	Patisipe nan yon wèbinè Aetna nan seksyon eksplòre sante ak byennèt epi antre nan yon raf pou w genyen yon ti blennè (Ninja Bullet). (2 ganyan + Bonis pou w genyen 100 ♥ pou Sante ou Rekonpans Your Way ak prim rabè Springpoint 2026 ou an).	1ye – 30 Septanm 2025	Oktòb 2025
Oktòb	Utopia WellCare	Patisipe nan de apèl Utopia Wellcare avèk yon nitrisyonis ant 1/1/2025-31/10/2025 pou w ka patisipe pou w genyen yon Ninja Creami. (2 ganyan)	1ye Janvyè – 31 Oktòb 2025	Novanm 2025
Novanm	Kanpay Chak Trimès Wellbeats	Patisipe nan Kanpay Wellbeats sou Somèy la epi patisipe nan yon raf pou w genyen yon baf Bluetooth. (5 Ganyan)	1 – 30 Novanm 2025	Desanm 2024
Desanm	Aetna Pathways and Explore	Genyen 10,000 ♥ pati patisipe nan aktivite Aetna Pathways and Explorer yo. (Bonis ajoute: resevwa yon kat kado \$100 nan men Health Your Way Wellbeing Program) epi w patisipe nan yon raf pou w genyen yon mont Apple. (2 ganyan)	1ye Janvyè – 31 Desanm 2025	Janvyè 2026

* Pou w patisipe nan raf mwa jen ak mwa Novanm Lan, tanpri asire ou konekte nan Wellbeats atravè aplikasyon Wellbeats la oswa lè w vizite **portal.wellbeats.com**. Pou itilizatè premye fwa yo:

- Non itilizatè: "springpoint" + ID anplwaye (Egzanp: *springpoint01234*)
- Modpas: springpointwellbeats

Si w gen nenpòt kesyon, tanpri kontakte Reprezantan Resouzimèn lokal ou a.